

VAKSINASYON POU TOUT MOUN

- + Vaksen Kont Grip
- + Vaksen Moderna Kont COVID-19
 - Premye ak dezyèm dòz
 - Twazyèm dòz
 - Vaksen rapèl

Disponib isit la pou tout moun ki elijib

Avèk COVID-19 epi sezon grip la ki rive ansanm lan, li pi enpòtan jounen jodia pou w pwoteje tèt ou ak pwòch ou yo pou yo pa tonbe malad.

Vaksen kont COVID-19 ak grip la san danje epi yo efikas pou redwi risk pou w malad, etène (ospitalizasyon) ak menm mourি.

Ou ka pran vaksen kont COVID-19 la ak vaksen kont grip la an menm tan, gratis.

Aprann plis sou ki vaksen ki bon pou ou. Eskane Kòd QR la oswa rele **1-844-NYC-4NYC** (1-844-692-4692).

Aprann plis sou
vaksen COVID-19
yo



Aprann plis sou
vaksen kont
grip la



Kiyès Ki Dwe Pran vaksen pou Grip ak COVID-19?



Vaksen kont Grip (Influenza)

Tout moun ki gen sis mwa oswa pi plis dwe pran vaksen kont grip sezonye a chak ane, espesyalman:

- + Timoun ki gen mwens pase 2 lane
- + Moun ki gen plis pase 65 lane
- + Moun ki ansent oswa ki fenk sot akouche
- + Moun ki gen maladi tankou dyabèt (sik), opresyon, maladi kè oswa VIH
- + Travayè esansyèl yo ki gen ladan I travayè nan domèn sante ak moun k ap bay lòt moun swen ki gen gwo risk pou yo tonbe malab. Moun k ap okipe timoun espesyalman timoun ki gen mwens pase sis mwa, dwe pran vaksen kont grip la tou.

Vaksen Kont COVID-19

Pifò moun yo elijib kounya pou pran vaksen kont COVID-19:

- + Moun ki gen ant 5 a 11 zan ka pran de dòz pedyatrik (yon tyè konsantrasyon an) Pfizer-BioNTech
- + Moun ki gen 12 lane ak plis ka pran de dòz vaksen Pfizer-BioNTech la.
- + Moun ki gen 18 lane ak plis ka pran de dòz Moderna yo oswa yon dòz Johnson & Johnson/Janssen

3èm dòz vaksen Pfizer la oswa Moderna a Kont COVID-19

Twazyèm dòz la disponib pou moun ki pran dezyèm dòz vaksen kont COVID-19 la pou pi piti 28 jou avan sa epi ki gen yon sistèm iminitè ki fèb akoz yon tretman oswa yon maladi. Sa ka gen ladan l:

- + Trètman Aktif Kont Kansè
- + Grèf ògan ak medikaman ki redui fòs sitèm iminitè a
- + Grèf selil souch pandan 2 dènye ane yo
- + Defisi iminitè primè oswa grav
- + VIH avanse oswa ki pa trete
- + Trètman aktif ak yon dòz kòtikòstewoyid byen wo ak lòt medikaman ki afebli sistèm iminitè a yon fason modere oswa grav.

Ou dwe gen 12 lane oswa plis pou w pran 3èm dòz vaksen Pfizer a epi 18 lane oswa plis pou w pran 3èm dòz Moderna a. Twazyèm dòz la pa rekòmande pou majorite moun ki gen lòt pwoblèm sante tankou dyabèt oswa maladi kè oswa maladi nan poumoun.

Dòz Rapèl kont COVID-19 - Pou Moun ki te Resevwa Vaksen Pfizer ak Moderna

Tout moun ki gen 16 làne oswa plis sipoze resevwa yon piki rapèl pou pi piti 6 mwa apre yo te resevwa dezyèm dòz premye seri vaksen kont COVID-19 la.

Moun ki te resevwa de piki vaksen Pfizer oswa Moderna sipoze eseye resevwa menm vaksen an nan rapèl yo, men yo genyen chwa pou yo chwazi nan nenpòt nan twa tip vaksen ki otorize Etazini yo.

Moun ki gen 16 làne 17 làne ki te pran premye seri vaksen Pfizer a plis pase sis mwa deja, yo elijib pou vaksen rapèl Pfizer a sèlman. Moun ki gen 5 làne 15 làne aktyèlman pa elijib pou piki rapèl yo.

Dòz Rapèl kont COVID-19 - Pou Moun ki te Resevwa Vaksen Johnson & Johnson lan

Tout moun ki gen 18 làne oswa plis sipoze resevwa yon piki rapèl pou pi piti 2 mwa apre yo te resevwa sèl grenn dòz vaksen kont COVID-19 la. Piki rapèl la kapab nenpòt nan 3 tip vaksen ki otorize Etazini yo. Si w pa konnen ki tip vaksen ou sipoze pran, pale ak founisè swen sante w la oswa estaf klinik ki nan sit kote y ap bay vaksen yo.

Lopital ki nan gwoup NYC Health + Hospitals ofri vaksen Pfizer ak J&J. Sit NYC Health + Hospitals/Gotham Health yo ofri vaksen Moderna. Pou yon lis konplè de tout etablisman nou yo, vizite sit entènèt nou an: nychealthandhospitals.org.